

# Èske ogmantasyon frajilite anviwonman nan peyi Ayiti diminye chans Ayisyen genyen pou yo viv byen?

Bénédiq Paul

**K**it se nan pèspektiv ekonomi, fizyoloji, fizik, osnon chimi, kit se nan ekoloji, brase lide ki fèt sou anvivonman an montre enpòtans faktè sa a sou eleman kle a, sou endividi a espesyalman. Li klè anvivonman an kapab konsidere tankou yon chapant, kote se moun an pati ki mete li sou pye, ansanm avèk eleman lanati ki fòme chapant li. Nan kontèks sa a, se kalite konstitisyon sa a menm ki pral defini vilnerablite li.

Nan ka Ayiti a, anvivonman an danje anpil e danje sa a rive nan yon nivo ki fè yo klase peyi a pami yonn nan peyi ki pi vilnerab nan rejyon an. Konsa, se pou nou rekonèt gwo kapasite endividi yo genyen pou yo rezoud pwoblèm ki ap toupizi yo, enpòtans enpak anvivonman an sou yo, lakòz yo antre nan yon move laviwonndede e nan kondisyon lamizè pèp la ye Ayiti a, sityasyon sa a fè yo vin gen yon konpòtman irasyonèl nèt, ki fè moun gen anpil enkyetid pou jenerasyon ki nan wout ap vini yo.

Enjistis, ki kontinye ap layite kò li nan yon jenerasyon rantre nan yon lòt, vin lakòz, pou yo rekonsidere nonsèlman wòl Leta pou li reglemante, men aksyon sitwayen yon minorite ki gen bon dispozisyon e ki veyatif sou kesyon anvivonman an. Kategori bon sitwayen sa yo, ansanm ak pwochen jenerasyon an vin wè yo paralize poutèt aksyon kolektif irasyonèl gwoup ki pa enterese pou yo genyen yon anvivonman dirab, ki akseptab, e ki gen bon kalite.

Menm jan Leta ak enstitisyon li yo, ki vin twò fèb, pa kapab kontwòle konpòtman sitwayen ki ap andomaje epi kontamine anvivonman an, gen anpil endividi ki sanble konprann yo kapab, nan jounen jodi a, pwofite osnon jwi sityasyon degraba sa a. Men, menmsi enstitisyon legal yo pa fonksyone, pouvwa lanati kanpe fèm pou montre

kouman konpòtman endividi sa yo, ki ap menase anvivonman an, irasyonèl. Malerezman, lè lanati move, jeneralman, li frape ak anpil fòs e li pa fè distenksyon.

Sanble, se vre gen rapò ant kalite anvivonman Ayiti a avèk pèfòmans ekonomik li. Se poutèt sa, anplis endividi yo ak otorite Leta yo, sektè prive ayisyen an (depi kiltivatè yo rive sou faktori endistriyel yo) ap gen pou yo angaje tèt li nan jesyon kalite a. Pou koulye a, patwon ayisyen yo pa sanble yo pi enterese pase sa pou yo jwenn akreditasyon ISO (Òganizasyon entènasyonal Nòmalizasyon) 9001 (Prensip jesyon kalite). Se yon bagay anpil patwon biznis nan lòt peyi ap chache. Se menm apwòch pou reskonsablite anvironmantal la. Prensip ISO 14001 egziste pou fasilite yon jesyon anvivonman an ki pi kòdyòm. Soti nan distribisyon pwodui bon mache (tankou paregzanp gazolin ki gen plon ladan, osnon manje ki anpakete nan kontenè ki pa degrade), rive sou konpòtman endividi neglijan ki ap jete fatra nan lari; osnon ankò, lè ou ap gade neglijan administrasyon piblik/teritwa a ki pa mete bwat fatra nan lari a pou piblik la, epi ki pa ranmase fatra regilyèman; sanble se tout sosyete ayisyen an ki pa pran konsyans pwoblèm anvivonman an. Sityasyon an deja ap vin pi grav poutèt chanjman klimatik yo epi konsekans kontaminasyon entènasyonal ki soti nan peyi endistriyalize yo. Men, si nou konsidere kontribisyon ki rive jwenn nou pou preparasyon nimewo sa a, nou ka di gen kèk sitwayen ayisyen ki rete ak je yo byen kale sou zafè anvivonman an. Men, se toujou menm kesyon an ki poze: èske se otorite neglijan yo, osnon majorite san konsyans la ki pou toujou ap deside pou minorite veyatif la? Diskisyon an louvri. ■